Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 29 (26002)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 17 февраль — æртхъирæны мæйы 17 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
Сенаторы регионалон къуыри

3 КУЫД ЦÆРЫС, ХЪÆУ?
Рассветы хъæу

4 УДВАРНЫ ХÆЗНАТÆ
Дзæуджыхъæуы кувæндæттæ...

Æмбырд

Рухстауæн архайдæн — бæрзонд аргъ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы IV Съезды æмæ Цæстдарæн советы æмбырды.

Цы фарстатыл дзы цыди ныхас, уыдонæн сæ сæйрагдæртæй иу уыд регионалон лектортæн æххуыс.

Æмбырды архайдтой Уæрæсейы Федерацийы Президенты Администрацийы разамонæджы фыццаг хæдивæг, Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы Цæстдарæн советы сæрдар **Сергей Кириенко**, бæстæйы регионты губернатортæ. Æхсæнад "Зонынад"-ы генералон директор **Максим Древаль** æмбырды радзырдта организацийы куысты ног уавæрты тыххæй, стæй æмбырды архайджытæ йæ дарддæры рæзты тыххæй æрныхас кодтой.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйло бахаста лектортæн æххуысæн грантты системæ иухуызон, федералон скæныны фæндон. Дарддæр ныхас цыди регионалон лекторты æмбаладтимæ æмгуыстадыл.

Æмбырды фæстиуджытæ бахынцгæйæ, фидаргонд æрцыдысты æппæтуæрæсеон æхсæнадон-паддзахадон рухстауæн уагдон Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы Устав ног редакцийы æмæ Координацион советы ног сконд.

Цæгат Ирыстоны Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад" кусы 2021 азæй нырмæ, 2023 азы та регионы ЦИПУ-йы бындурыл райдыдта архайын йæ хайад. Скъолатæ æмæ уæлдæр ахуырадон уагдæтты, паддзахадон хицауады оргæнты иудадзыг рухстауæн куыст цæуы. 2023 азы республикæйы ахуырадон уагдæтты ацы æхсæнад сарæзта, 13 мин адæймаджы кæм архайдтой, ахæм 326 мадзалы. Лекторты къорды бындур сты Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты профессортæ æмæ ахуыргæнджытæ.

Республикæйы рухстауæн архайд куыд æвæрд у, уымæн бæрзонд аргъ скодтой федералон æмвæзадыл. Хуыздæр проектыл нымад æрцыд, ЦИПУ-йы бындурыл æнæсцухæй чи кусы, фæсивæдæн ахæм медиа-центр саразыны хъæппæрис. Лектортæ дзы сты республикæйы зындгонд журналисттæ, СММ-специалисттæ, хуызисджытæ æмæ PR-специалисттæ. Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы центрон разамынд ацы проект парахат кæнын кæны бæстæйы иннæ регионты дæр.

Æхсæнад "Зонынад"-ы бренд регионы бынæттонæй æрфидар, зонынц æй скъолатæ æмæ æххæстгæнæг оргæнты фæзуæтты хъомысджын иудадзыг куысты руаджы. Цы куыст кæны, уыдоныл дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ биноныгæй дзурынц, адæмы размæ сæ хæссынц.

Регионалон хайады царды вазыгджын цау у, Цæстдарæг совет арæзт кæй æрцыд 2023 азы августы. Йæ сæрдарæй йын равзæрстой РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы, йæ уæнгтæй та — ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы**, РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплаковайы**, æппæт паддзахадон уæлдæр ахуыргæнæндæтты ректорты, æххæстгæнæг æмæ закъонæвæрæг оргæнты, дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ æхсæнады минæвæртты.

Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы истори райдыдта 1947 азы советон интеллигенцийы минæвæртты хъæппæрисæй, куыд "Политикон æмæ наукон зонындзинæдтæ парахатгæнæг æппæтцæдисон æхсæнад" (1963 азæй фæстæмæ — Æппæтцæдисон æхсæнад "Зонынад", 1991 азæй фæстæмæ — æхсæнад "Уæрæсейы зонынад"). Æхсæнады уæнгтæ архайдтой зонад парахат кæныныл, кастысты лекцитæ советон хæдзарад æмæ промышленносты æнтыстыты тыххæй.

2021 азы Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин** Федералон Æмбырдмæ цы Ныстуан арвыста, уым загъта, Уæрæсейаг æхсæнад "Зонынад"-ы куыст нырыккон нымæцон бындурыл саразын кæй хъæуы.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

ГАПБАТЫ Алетæ

"Вахтанговы хæдзар"

УФ-йы Культурæйы министрады бардзырдæй...

Зындгонд куыд у, афтæмæй фарон Дзæуджыхъæуы кадджын уавæры байгом "Вахтанговы хæдзар". Уыцы сфæлдыстадон кусæндонæн лæвæрд æрцыд культурæйы удварны федералон нысаниуæджы объекты ном.

Уый фæдыл сæрмагонд уынаффæ фидаргонд æрцыд Уæрæсейы Культурæйы министрады.

Федералон ведомствæйы бардзырды куыд загъд ис, афтæмæй Дзæуджыхъæуы, Байаты Чермены уынджы чи æрбынæттон, культурæйы нысаниуæджы уыцы кусæндон "Вахтанговы хæдзар" хаст æрцæуæд Уæрæсейы Федерацийы адæмты культурæйы удварны федералон нысаниуæджы объектты паддзахадон номхыгъдмæ.

— "Æхсызгон нын у, Вахтанговы номыл мæскуыйаг театры разамынды хъæппæрисæй Дзæуджыхъæуы цы ног кусæндон байгом, уымæн ахæм бæрзонд паддзахадон уагæвæрд кæй радтой æмæ йæ уæлдай бæстондæр хъахъхъæнинаг объектты номхыгъдмæ кæй

бахастой, уый. Цæмæй хъуыддаг зæрдæзæгъгæ лыггонд æрцæуа, ууыл бæрнонæй бакуыстой РЦИ-Аланийы Культурæйы удварны хæзнатæ хъахъхъæныны фарстаты фæдыл комитеты минæвæрттæ. Уый тыххæй сын æз бузныг зæгъын", — йæ хъуыды нын раргом кодта "Вахтанговы хæдзар"-ы разамонæг **Екатеринæ Маслихова**.

УФ-йы Культурæйы министрады бардзырд йæ тыхы бацыд 2024 азы 13 февралы.

КАЛМАНТЫ Аслан

Пресс-конференци

Æрдз — нæ хъахъхъæнæг, нæ дарæг

РЦИ-Аланийы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр БÆЗЗАТЫ Вадим нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ архайдта пресс-конференцийы.

Ныхасмæ рæгъмæ рахастой Ирыстоны æрдзон хæзнатæ, доны фæрæзтæ, хъæд æмæ æндæр хъуыддæгтимæ баст фарстатæ.

— Мæздæджы бырондон ацы азы кæронмæ æхгæд æрцæудзæн, уымæн æмæ тынг байдзаг, — дзуры Бæззаты Вадим. — Республикæйы разамынды уынаффæйæ бырондон æфснайд æрцæудзæн. Ног бырондонæн бынат агурынц, уыимæ Мæздæджы дæр арæзт æрцæудзæн, Дзæуджыхъæумæ хæстæг цы нырыккон завод аразынц, ахæм куыстуат.

Министры ныхасмæ гæсгæ нæм сарæх сты æнæнхъæлæджы, кæмфæнды чи февзæры, ахæм бырондæттæ. Цыбыр рæстæгмæ сæ нымæц схæццæ — 73.

Раппæлинаг сты районты бынæттон администрацитæ, сæхи хъарутæй уал дзы 53 ссыгъдæг кодтой. Куыст дарддæр ахæццæ кæндзысты. Кæд сæ уавæртæ бынтон хорз не сты, — нæй сæм æхцайы фæрæзтæ, сæрмагонд фæзуæттæ ставд æмæ арæзтадон хауæццæгтæн, уæддæр сыгъдæгдзинадыл архайынц, — загъта министр.

"Бырæттæ хайгай бакусынæн хæстæгдæр фидæны цы арæзт цæудзæн", зæгъгæ йæ куы бафарстой, уæд Бæззайы-фырт радзырдта, ныртæккæйы регоператор "Эра" йæхи хардзæй кæй аразы бырон бакусыны нырыккон завод. Хауæццæгты хуызтæ хицæн кæнынæй уæлдай ма заводы уыдзæн ахæм кусæнгæрзтæ, æмæ æрдзон тæссаг хауæццæгтæй араздзысты хус змæст.

Министры ныхасмæ гæсгæ, сæрмагонд куыст цæудзæн, ставд æмæ арæзтадон бырæттæ бафснайыны хъуыддаджы. Уый нæ республикæйæн у лыггæнинаг фарста. Ацы аз цы стыр заводы скусдзæн, уым уæлæмхасæн сæвæрдзысты, арæзтадон бырæттæ чи мур кæндзæн æмæ сæ дыккаг хатт спайда кæнæн цæй фæрцы уыдзæн, ахæм кусæнгæрзтæ. Ныридæгæн цы завод кусы, уымæй уыдзæн цалдæр хатты куыстхъомдæр.

Терчы доны хъысмæтыл дзургæйæ, Бæззаты Вадим загъта, Росводресурс"-ы специалисттæ хæстæгдæр рæстæг кæй сбæлвырд кæндзысты Терчы уавæр, Ларсæй суанг Ногиры хидмæ. Журналистты зæрдыл æрлæууын кодта, ивгъуыд азы донивылдтытæ цы фыдбылызтæ æрхастой æрдзæн, уый. Афойнадыл цы хъæугæ куыстытæ конд æрцыд, уыдоны фæрцы донывылтæ хæрд не 'рцыдысты, электрон тыхы телыхъæдтæ нæ афæлдæхтысты.

— Дарддæр дæр нæм æнхъæлмæ кæсы стыр куыст. Æвæстиатæй Теркæн йæ донвæд хъæуы нысыгъдæг кæнын, уыимæ — хидты бынты дæр, цæмæй цæугæдон галиу былæй аиуварс уа. Мæскуыйаг специалисттимæ иумæ æрзилдзыстæм æмæ сбæлвырд кæндзыстæм Терчы уавæр. Ногиры хид куы ныккалдис, уæд иууылдæр сагъæс кодтам, цæмæн афтæ рауад, зæгъгæ. Фыццаджыдæр, рæстæг бирæ рацыд, баихсыдысты æфсæн-бетон конструкцитæ. Дыккаджы та — донвæд сыгъдæг кæнын хъæуы, Терчы сæрты хидтæ кæм ис, уым алкæмдæр, — фæнысан кодта министр.

Уыимæ ма загъта, Ирыстоны гидротехникон арæзтæдтæн сæ 93 проценты 50 азæй фылдæр кæй лæггад кæнынц. Хæххон дæттæ рæвдз згъорынц, афтæмæй æфсæн-бентон къæйтыл сæ тых æвзарынц. Сæ фылдæр хай сты бындурон цалцæггæнинаг. Суададжы, Дзуарыхъæу æмæ Ногхъæуы цы объекттæ ис, уыдонæн проектон-хæрдзты гæххæттытæ цæттæ сты. Иннæ аз республикæ хъуамæ райса фæрæзтæ федералон центрæй æмæ уæд куыстытæм бавналдзысты.

Æмбырды архайджытæн министр дзырдта фыранкы хуыз бахъахъхъæны тыххæй экологтæ æмæ ахуыргæндтæ цы бирæвæрсыг куыст кæнынц, уый тыххæй, æмæ фехъусын кодта, хæстæгдæр рæстæг та иу фыранк Ирыстоны æрдзмæ кæй рауадздзысты, уый.

Бæззаты Вадимы хъуыдымæ гæсгæ, министрады 'рдыгæй цæстдард цы бирæ хъуыддæгтæм ис, уыдонæй ахсджиагдæр у нæ хъæдтæ зынгсирвæзтæй бахъахъхъæнын. Ацы фарстайы Уæрæсейы иннæ регионты 'хсæн стæм хуыздæрты æмрæнхъ.

— Æрдз нæ хъахъхъæнæг, нæ дарæг у, æмæ йæм иууылдæр рæвдаугæ цæстæй кæсæм, — зæгъы министр.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Ахуырад

Фæлварæнмæ цæттæ кæнынæн

Цæгат Ирыстоны алы районы дæр саразын хъæуы Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ биноныг цæттæкæнынады центртæ, зæгъгæ, нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ ахæм бардзырды тыххæй дзургæйæ, регионы ахуырад æмæ наукæйы министр АЛЫБЕГТЫ Эллæ загъта:

— Хи бæрæггæнæнтæ фæныбыл кæнын кæй фæнды, Цæгат Ирыстоны скъолатæ кастфæуæвæг уыцы адæймæгтæ Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ сæхи хъуамæ цæттæ кæной ныйиарджыты нæ, фæлæ паддзахады хардзæй. Рæхджы биноныг цæттæкæнынады центртæ кусын райдайдзысты. Транспортон гæнæнтæ æмæ ахуырдзауты нымæцмæ гæсгæ, алы муниципалон районы дæр фæлварæнмæ биноныг цæттæкæнынады центртæ байгом кæндзыстæм. Ацы центрты кусдзысты хуыздæр ахуыргæнджытæ. Дæрддзæф скъолатæм сывæллæтты ласдзысты автобустæй. Скъолайы программæ æмæ центрты ахуырад кæрæдзи нæ къуылымпы кæндзысты. Профилон предметтæм здахдзыстæм фылдæр æргом.



Фæлварæны хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ, скъоладзаутæ мæт кæй фæкæнынц, уый нымайгæйæ, стыр æргом здахдзысты психологон æууæлмæ. Биноныг цæттæкæнынады центрты кусдзысты скъолаты психологтæ дæр.

Хицауы бынатахсæг сылгоймаджы ныхасмæ гæсгæ, Иумæйаг паддзахадон фæлварæны агъоммæ скъолаты ахуыргæнджытæ сæхæдæг дæр сæрмагонд цæттæкæнынады курс ацæуынц æмæ фæлварæнтæ радтынц.

— Сергей Меняйло алы районы дæр Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ бæстон цæттæкæнынады центртæ байгом кæныны фæдыл бардзырд кæй радта, уый нымайын раст уынаффæ. Ахуырады бынат нæ нымайгæйæ, алы сывæллонæн дæр хъуамæ уа Иумæйаг паддзахадон фæлварæн нывыл уагæй радтыны æмæ бæстæйы хуыздæр уæлдæр ахуыргæнæндæтты ахуыр кæныны фадат, — загъта Алыбегты Эллæ.

Ныртæккæ нæ республикæйы чи кусы, Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ цæттæкæнынады уыцы цалдæр центры ахуырад æххæст кæнынц æхцайыл. Иумæйаг паддзахадон фæлварæнмæ скъолатæ кастфæуæвæг лæппуты æмæ чызджыты чи цæттæ кæны, хицæнæй кусæг уыцы репетитортæ иу ахуырад бахæст кæнынц, рæстæмбис нымадæй, мин сомыл.

САУТÆТЫ Тамилæ

Дзырды фарн

Иунæджы хъару нæу цард аивын.

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **17 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **3-1 градусы уазал,** Дзæуджыхъæуы — **2 градусы уазалæй 1 градусы онг хъарм.**

Боны дæргъ — 10,37

Хурыскаст — 06,57
Хурныгуылд — 17,34

Валютæйы аргъ

Доллар — 91,19 ↑
Евро — 98,19 ↑

12+

Сыгъдæгдзинады фарстатæ

Зиуы фæрцы

Регионалон оператор ”ЭРА”-йы специалисттæ Ногиры бынæттон хиуынаффæйады администрацийы минæвæрттимæ иумæйаг хъарутæй асыгъдæг кодтой Æрхонкæйы сосайы былгæрæттæ.

Республикæйы автомобилон фæндæгты иуæй-иу хæйтты санитарон сыгъдæгдзинады фарста фæстаг рæстæг скарз. Уымæн æмæ транзитон уæзласæн транспорт рæстæгæй-рæстæгмæ бирæгæйттæй бамбырд вæййы фæндæгты былгæрæтты, цæстдарæн-уадзæн пункт "Уæллаг Ларс"-мæ рады лæууæйæ. Уыцы æууæл та расайы уымæ, æмæ автомобилон фæндæгты алыварс бырæтты кæритæ рауайы.

Ацы фарстамæ æрæджы Хицауады æрвылкъуырион æмбырды профилон ведомствæты разамонджыты æргом аздæхта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло.** Уый бæрнон службæты минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй иудадзыг бæстон цæстдард уа фæндæгты санитарон уавæрмæ. Уыимæ, республикæйы разамонæг бадомдта, цæмæй нывылгонд æрцæуой Дзæуджыхъæумæ бацæуæнтæ (Æрхонкæйы 'рдыгæй). Уымæй уæлдай, Сергей Меняйло бафæдзæхста, цæмæй бæлвырдгонд æрцæуа, уыцы бынаты санитарон сыгъдæгдзинадыл бæрнон чи уа, уыцы куыстуат.

Æмæ ныр компани "ЭРА" æмæ Ногиры администрацийы минæвæрттæ расидтысты сыгъдæгдзинады зиу. Зиууæтты фарсмæ æрбалæууыдысты æнæхх æст бæрнондзинады æхсæнадтæ "Дортех" æмæ "Строймонтажсервис"-ы кусджытæ дæр. Афтæмæй, боны дæргъы зиуы архайджытæ æрæмбырд кодтой бырæтты 450 голлагæй фылдæр.

— Æрхонкæйы 'рдыгæй горæтмæ æрбацæуæнтæм фылдæр æргом аздахдзыстæм, уыцы фæзуаты санитарон уавæр æмбæлгæ хуызы дарыныл дарддæр дæр архайдзыстæм, — радзырдта компани "ЭРА"-йы минæвар **Цхуырбаты Георги.**

ДЗЫНЫХТЫ Аленæ

Æхсæнад

Сенаторы регионалон къуыри

Ацы къуыри УФ-йы Федерацийы Советы уæнгтæ сæ куыст кæнынц регионты. Уæрæсейы парламенты уæллаг палатæйы Цæгат Ирыстоны минæвар Виталий НАЗАРЕНКО дæр ацы бонты кусы республикæйы. Сенаторæн ныридæгæн цалдæр ахсджиаг фембæлды уыд æхсæнадон организацитæ æмæ æндæр структурæты минæвæрттимæ.

Фæстæдæр сенаторæн фембæлд уыд республикæйы цæрджыты къордимæ. Адæм фембæлдмæ æрбацыдысты сæ тыхстаг фарстатимæ. Сæ куырдиуæттæ баст уыдысты социалон бадзырдтæ бафыссыны, республикæйы хъæутæй иуы сывæллæтты клуб саразыны, æнахъомтæн лагертæ æмæ дзæбæхгæнæн кусæндæттæм балцæгтæ дæттыны, уæлдæр æфсæддон ахуыргæнæндæттæм бацæуын æмæ æндæр ахæм фарстатимæ.

Фембæлдмæ æрбацæуæг адæммæ læмбынæг байхъусгæйæ, сенатор зæрдæ бавæрдта, федералон закъонæвæрынад цы фадæттæ дæтты, уыдоны бындурыл æппæт куырдиæттæм дæр каст кæй æрцæудзæн, уымæй.

Цæгат Ирыстоны æхсæнадон аудынады штабы бæстыхайы та Виталий Назаренко архайдта чиныг "Хæлардзинад æмæ фæрнджын хъуыддæгты азфыст"-ы презентацийы (ацы иртасæн куыст мыхуыры рацыд цæгатирыстойнаг национ-культурон æхсæнад "Русь"-ы сарæзты 30 азы кадæн).

— Чиныгæн йæ ном дæр — "Хæлардзинад æмæ фæрнджын хъуыддæгты азфыст" — ирд æвдисæн у, Цæгат Ирыстоны бирæнацион адæмы 'хсæн иудзинад кæй ис, уымæн. Чиныджы бæлвырдгонд æрцыд æхсæнад "Русь"-ы бирæвæрсыг æмæ ахадгæ куыст, — йæ раныхасы бафиппайдта сенатор.

Афтæ, Виталий Назаренкойæн сæрмагонд фембæлд уыд РЦИ-Аланийы Фæсивæдон парламенты уæнгтимæ. Æмбырды архайдтой Цæгат Ирыстоны Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Джиоты Георги**, Фæсивæдон парламенты разамонæг **Аслæмырзаты Азæмæт** æмæ ацы уынаффæйадон оргæны уæнгтæ.

Ныхасы архайджытæ бæстон æрдзырдтой паддзахадон фæсивæдон политикæйы сæйрагдæр уагæвæрдтæ царды уадзыныл, æрыгон фæлтæры минæвæртты закъонæвæрынадон архайдмæ æмхиц кæнын æмæ æндæр фарстатыл. Фæсивæдон парламенты уæнгтæ бæлвырд фæндæттæ бахастой, æрыгон фæлтæры тынгдæр цы фарстатæ тыхсын кæны, уыдон ахадгæдæр хуызы лыг кæныны фæдыл.

— Æхсызгон мын уыд, æхсæнады царды ахсджиагдæр фарстатæм республикæйы æрыгон парламентаритæ къæрцхъус кæй сты, уый. Ныфс мæ ис, иумæйаг хъарутæй æппæт бæрæггонд хъуыддæгтыл дæр кæй бакусдзыстæм, уымæй, — фембæлды фæстæ фæбæрæг кодта Виталий Назаренко.

Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг хайад республикæйы цæрджытæм сиды, цæмæй архайой ацы хæрзаудæн акцийы. Йæ сараджыты ныхасмæ гæсгæ, марафоны рæстæг æмбырдгонд æхцайы фæрæзтæй балхæндзысты æфсæддон службæгæнджытæн хъæугæ уæлæдарæс æмæ æндæр æрмæджытæ. Уыимæ, гуманитарон æхх уыс бахæссæн ис адæмон фронты регионалон æхх æсткоммæ дæр (Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг, 2, тел.: 70-70-08).

БÆДТИАТЫ Оксанæ

Социалон фондæй

Иумæйаг пособи

Ивгъуыд азы райдайæнæй нырмæ бæстæйы Социалон фонд кæй фиды, уыцы иумæйаг пособи æвæрыны рæстæг бинонты æфтиæгтæ æмæ сæ исбон сбæлвырд кæнынц.

Хæдбарæй кусæг адæймаджы уагæвæрд кæмæ ис, ахæм ныйарджытæн дæр ис социалон æхх уысы амынд мадзалы фæдыл Социалон фондмæ бахатыны бар. Иумæйаг пособи æвæрыны рæстæг фароны 1 декабрæй фæстæмæ архайы хæдбарæй кусæг ныйарджыты æфтиæгтæ нымайыны ног фæтк.

— Амæй размæ пособи æвæрдтой æфтиаджы цыфæнды бæрцы рæстæг дæр (æфтиаджы бæрц хыгъды афоны иу мæймæ кæд мин сомы уыд, уæд дæр). Æппæт хыгъдон рæстæгмæ æфтиаджы бæрц æппынкъаддæр дыууæ тæккæ къаддæр мызды бæрц кæд у, уæд дæр фыццæгæм декабрæй фæстæмæ пособи сæвæрынц. Уыимæ, уæвæн ис, æмæ æхца æрвылмæй не 'фтдзысты, — загъта амынд фонды цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Таболты Сергей.**

Хæдбарæй кусæг адæймаджы хæс у хыгъдон рæстæджы 12 мæймæ 32484 сомы бакусын (куырдиат кæд 2023 азы 1 декабры фæстæ барвыстой, уæд), кæнæ та 38484 сомы бакусын (куырдиат кæд ацы аз барвыстой, уæд).

Æхца æппæт 12 мæйы дæргъы кæд не 'фтыдысты, уæд тæккæ къаддæр лимит нымайынц пропорцион уагæй: 2 тæккæ къаддæр мызды / 12 х хæдбарæй кусынæй æхца кæд æрбафтыд, уыцы мæйты нымæц. Æхцайы бæрц мæйтæм гæсгæ нæ уарынц — бæлвырд кæнынц хæдбарæй кусыны æмгъуыдмæ гæсгæ æфтиаджы иумæйаг бæрц.

Хынцынады дæнцæг:

Хæдбарæй кусæг адæймаджы срегистраци кодтой 2023 азы августы. Пособийы фæдыл куырдиат 2023 азы декабры кæд барвыстой, уæд амынд уагæвæрд уыд хыгъдон рæстæджы 3 мæйы дæргъы.

Иумæйаг пособи сæвæрынæн тæккæ къаддæр æфтиаджы бæрц у 8121 сомы. Август æмæ сентябры æхца не 'фтыдысты, октябры та — 10 000 сомы. Пособи сæвæрынæн æууæл нымайынц.

Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады контакт-центр: 8-800-100-00-01 (къуырисæрæй цыппæрæммæ — 9 сахатæй 18 сахаты онг, майрæмбоны та — 9 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг).

УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ

Æгъдæуттæ

Бæстон ныхас — црайуæгтимæ

Цард цæуы æмæ йемæ фарн хæссы... Ахæм ныхас баззад. Æмæ кæд абон рухс фидæнмæ тырнгæйæ нæ размæ стыр хæстæ læууы, уæддæр æнæмæнг у иу хъуыддаг — кæд æмæ размæ цæуæм, уæддæр-иу хъуамæ фæстæмæ акæсæм. Ирон адæмы культурæ бæрæг дары мингай адæмыхæттыты æхсæн, уæдæ йе 'гъдау æмæ намысæй та сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыд историйы.

Дæрдтыл нал дзурдзынæн, цæвиттон, Црауы хъæубæстæ фыдæлтыккон æгъдæуттæ уавæртæм æркастысты. Црайуæгты бафæндыд сæ хъæууон цардыл иумæйагæй хорзæрдæм сахадын, ахæм уавæртæ саразын, цæмæй адæмæн æнцойад хæссой, уыимæ, ирон æгъдау фидар мæсыгау чи бахъахъхъæндзæн, ахæмтæ.

Æрæджы Црауы хъæуы фæзынд ногдзинад, цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ адæмы æддæг-мидæг ауайын кодта. Хъæубæстæй иу йæ машинæ сифтонг кодта хъæрæй дзурыны фæрæзтæй, йæхимæ хъæргæнæджы бартæ райста æмæ хъæубæстыл айхъуысын кодта зианы хабар. Ацы хъуыддаг иу æмæ дыууæ хъæуыл нæ апарахат, фæлæ црайуæгтæм ацы уавæрмæ сæвзæрд сæхи цæстæнгас. Хъæуы администраци расидт цæрджыты æмбырдмæ. Культурæйы хæдзармæ уыцы бон æрбамбырд сты, куыд хистæртæ, афтæ кæстæртæ дæр.

Бирæ нæ уыдысты, фæлæ, сæ ныхасæн æхсæнады уæлдай аргъ кæмæн кæнынц, ахæм адæм æрбацыд æмбырдмæ. Уæдæ кæстæртæ дæр сты бонзонгæ, ирондзинады æууæлтæй æххæст. Ныхасæмбырды фыццаг райхалинаг фарста ссис нæ фыдæлты æгъдаумæ æргом раздахын, æнцондæр фæндæгтæ ма агурын. **Черчесты Оледжы** хъуыдымæ гæсгæ, зиан æрмæст бинонтыл не 'рцæуы, фæлæ æппæт хъæубæстыл дæр. Иунæг дæр дзы хъуамæ йæхи ма атигъ кæна.

"Црауы хъæуы алы уынджы дæр ис кæстæртæ, сæ бон у бахъуаджы сахат хæдзарæй-хæдзармæ хъæргæнæг æрзилын, фæсидын адæммæ, цæмæй зианджынты фарсмæ æрбалæууой", — загъта Черчесы-фырт. Ацы фарста ахсджиагыл банымадтой **Мсойты Аслæнбæг, Магкоты Таймураз** æмæ **Хъантеты Олег.** Нæ бавгъау кодтой сæ хъуыдытæ, алцыдæр фæбæрæг кодтой. Ацы хъуыддаджы хъуамæ цавæр ногдзинæдтæ фæзына?

Дарддæр рахызтысты, зианджынтæм зианы рæстæг цы æгæрон хæрдзтæ æрхауы, уыдонмæ. Фылдæр æргом аздæхтой, зианы рæстæг æфсинты æмæ ингæнкъахджыты лæггæдтæм. Уыдæтты фæстæ сын зынаргъ læвæрттæ скæнынц зианджынтæ. Ацы æмбырды хистæртæ куыд загътой, афтæмæй, фылдæр хатт уæззау хабар кæуыл æрцæуы, уыдонæн сæ къух уыцы læвæрттæ кæнынæ фæамоны. Сфæнд кодтой, стырæй-чысылæй бауынаффæ кодтой ацы æгъдауæн иумæйагæй йæ рохтыл æрхæцын.

Хъæубæсты кæстæртæ **Черчесты Ацæмæз, Мæрзойты Артур æмæ Цæгæраты Валери** куыд радзырдтой, афтæмæй æппæт хъуыддæгты дæр фæсивæд балæууынц ирон æгъдау раттынмæ, ингæн къахын хауы уыдонмæ. Læвæрттæм не 'нхъæлмæ кæсынц. Фыдæлтæй цы баззад, уымæй иуварс нæ хизынц. Цин уа æви зиан, алкæмæ дæр цавæрдæр хæстæ хауы.

Ацы фембæлды фæлгæты Црауы хъæуы минæвæрттæ райхæлдтой алыхуызон фарстатæ. Се `хсæн —ræзгæ фæлтæрæн ахуырады мадзæлтты руаджы ирон адæмы æгъдæуттæ амонын. Сфæнд кодтой ног цалцæггонд Культурæйы хæдзары саразын сæрмагонд кълас, уым рæзгæ фæлтæры ирондзинады æууæлтыл ахуыр кæндзысты. Уыцы ахуырты рæстæг кæстæрты зонгæ кæндзысты æппæт æгъдæуттимæ дæр, суанг нывондаг райдианæй-кæронмæ фынгыл æрæвæрыны онг. Ацы хъуыддагыл тагъд рæстæг бæстонæй бакусдзысты.

Ныхас æрмæст æгъдæуттæ нæ бацахстой, дзырдтой фосхизæн бынæттыл, хъæуы экологон уавæр æмæ доны фарстатыл. Тагъд хъæуы фæзындзæн сæрмагонд къамис, уый сбæлвырд кæндзæн, донæй цæрджытæ куыд пайда кæнынц, уыдæттæ. Æмбырды архайджытæ се 'рбацыдæй дæр равдыстой, хъæуы уавæрмæ куыдфæнды-цыфæндыйы цæстæй нæ кæсынц. Фæнды сæ, цæмæй хъæубæстæ цæра нывыл, зæрдæйы фæндиаг уавæрты.

ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Црауы хъæуы цæрæг

Акци

Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бонмæ...

Ацы бонты Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæстгонд цæуы æппæтуæрæсеон хæрзаудæн акци ”Адæмон фронт. Алцыдæр — уæлахизæн!” Уыцы проекты фæлгæты гуманитарон æхх уыс æмбырд кæнынц, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы хæстонтæн.

Акци сараджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй æппæт æмбырдгонд гуманитарон æхх уыс дæр æфсæддон операцийы тæлмæ æрвыст æрцæудзæн ацы мæйы кæрон.

Проектмæ фылдæр адæмы æргом раздахыны нысанимæ, стæй Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн радио "ФМ Алани" 21 февралы сараздзæн сæрмагонд марафон "Алцыдæр — уæлахизæн!" (йæ райдайæн — 9 сахатыл).

Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг хайад республикæйы цæрджытæм сиды, цæмæй архайой ацы хæрзаудæн акцийы. Йæ сараджыты ныхасмæ гæсгæ, марафоны рæстæг æмбырдгонд æхцайы фæрæзтæй балхæндзысты æфсæддон службæгæнджытæн хъæугæ уæлæдарæс æмæ æндæр æрмæджытæ. Уыимæ, гуманитарон æхх уыс бахæссæн ис адæмон фронты регионалон æхх æсткоммæ дæр (Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг, 2, тел.: 70-70-08).

БÆДТИАТЫ Оксанæ

Фарстатæ

Ирыстоны æцæг ирæттæ

Таутиаты Никъала ”Рæстдзинад”-мæ цы фарстатимæ æрбацыд, уыдонył газет иу æмæ дыууæ хатты нæ фыста. Йæ ныхас райдыдта дамгъæ ”Ы”-йæ. Цы, дам, фæцис?

Уырыссагау, зæгъæм, Мызурæн йæ ном фысгæйæ "ы" "и"-мæ цæмæн раивы? Цæмæн дзы рауайы "Мизур"? Мамысонæн йæ "ы" "и"-йæ цæмæн баивæм, цæмæн æй бауадзæм "Мамисон" суæвын? Кæд æмæ ахæм тыхджын стæм, уæд Кырджалийскаяйы уынг Кирджалийскаямæ цæуылнæ фæивтам? Ахæм дæнцæгтæ тынг бирæ æрхаста.

Мидæграбинаг æхсæрдзæн цæмæн ссис "Мидаграбинский водопад"? "Мидаграбинаг водопад" æй цæуылнæ ис схонæн? Цæхæраджын чъири фыстæй федта ахæм хуызы: "пирог с травой". Цымæ "цахараджын" растдæр æмæ фидауцдæр нæу? "фидджинта"-йы бæсты раст у "фыдджынта", нæ сæрмæ уыдæттæ цæмæн хæссæм? Уайтагъд ныхасæн уырыссаг фæлгонц цæмæн ацаразæм?

Цавæр дзуапп хъуамæ радтæм Таутиаты Никъалайæн. Ахæм рæдыдтытæ хъуамæ раст кæной ахуыргæндтæ, зæрдæйæ ирон чи у, уыдон, бæрнон бынæтты бадæг адæймæгтæ. Ирон æвзаг ахæм мæгуыр æмæ æвадат нæу, ис алцæмæн дæр рæсугъдæй скæнæн. Фæлæ алцæуыл дæр сахуыр стæм, нал нæм хъары, адон цавæр фыстытæ сты, цæмæн сæ афтæ фыссынц... Нæхи фæрсгæ дæр нал кæнæм, кæдæмдæр размæ тъæбæртт кæнæм, кæдæм, уый нæ зонгæйæ.

Таутиаты Никъалайы хъуыдымæ гæсгæ, уыдæттæ бындуронæй ивын хъæуы, фæндæгтыл цæугæйæ, уынæм бæлæстæ, хæхтæ, фæлæ сын сæ нæмттæ нæ зонæм, уыдæттæ нæ фæсонæрхæджы дæр не сты. Цæуылнæ ис æппæт уыцы нæмттæ ныффыссæн алы бæласыл дæр, хохы ныхмæ цы фæндаг цæуы, уыл йæ ном фæбæрæг кæнæн. Фыст хъуамæ æрцæуой дыууæ æвзагыл, уый руаджы ма иу фæлурс ирон адæймаг ирон æвзагмæ дæр фæкомкоммæ уыдзæн... Ахъуыды кæн, уæд хуымæтæджы æмæ ахсджиаг нысантæ. Бирæ туристтæм куы бæллæм, алы бон сæ кой куы кæнæм!

Таутийы-фырт къæрцхъус у телеуынынадмæ, радиомæ. Хъусы ирон радиойы номдзыд амонæг, журналист Къадзаты Станиславмæ. "Цæуылнæ ис Къадзайы-фыртæн телеуынынады иу сахат радтæн? Уымæй цæмæй тæрсынц? Национ телеуынынады кусджыты та иронау дзурын ахуыр кæнын хъæуы. Хъуаг у сывæллæтты равдыстытæй ирон æвзагыл", — ахæм уыд йæ хатдзæг. Уымæн нæ бон ахæм дзуапп радтын у: аргæ та кæм хъуамæ скæной сыгъдæг иронау дзурæг сывæллæтты? Уырыссагау цъыбар-цъыбур чи кæны, ахæм сабитæ хъуаг не стæм, фæлæ æцæг ирон сывæллæттæ фаг нæй. Уый Ирыстоны!

Ам æнæзæгъгæ нæ фæуыдзынæн. Сабийы ирон æвзагыл дзургæйæræвдауæндонмæ арвитдзынæ, æмæ дзы цыбыр рæстæгмæ рауайдзæн уырыссаг. Уымæн æмæ комкоммæ ræвдауæндон гуырын кæны ахæм уырыссæгты. О, кæддæр Хъайтыхъты Азæмæты хъæбулы хъæбулы йæ зонгуытыл куыд лæууын кодтой, ахæм нывтæ дзы ныр нал фендзынæ... Уæд-иу йæ саби бахызт ræвдауæндонмæ æмæ-иу сыгъдæг иронау сдзырдта "уæ райсом хорз", зæгъгæ. Уый хъомылгæнæгмæ кастис æфхæрды хуызæн æмæ-иу æй æрлæууын кодта къуымы йæ зонгуытыл.

Хорз æмæ ныр ахæм карз мадзæлттæй нал архайынц, фæлæ иронау дзурæг сабийы хъуырæй ирон æвзаг цæмæн сыскъуынынц? Уый фарста нæу? Фарстаты фарста! Хъуамæ хъомылгæнæг уа дыууæ æвзаджы хицау, фæлæ сын махмæ уырыссаг æвзаг фаг у, æмæ адæмæй хъазынц. Уыцы вазыгджын фарстатæ хъуамæ сæхимæ райсой ныйарджытæ, нæ ахуыргæндтæ, закъонæвæрæг æмæ æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнтæ, Стыр Ныхасы лæгтæ. "Цæй æмæ ирон æвзаг бахъахъхъæнæм", — ахæм сидтытæй мадæлон æвзаг йæ гаччы не сбаддзæн. Æрмæст ныхæстæ ницы дæттынц.

Таутийы-фырты хъуыдымæ гæсгæ, нæ горæтты уынгтæ хæссынц диссаджы нæмттæ, чи сæ у "Сосновая", чи — "Ромашковая", чи — "Цветочная", чи- "Параллельная", чи — "Перпендикулярная" æмæ афтæ дарддæр. Йæ адæмæн кад чи кæны, стыр хъæбатырдзинæдтæ, сгуыхтдзинæдтæ чи сарæзта, ахæм адæм нæм тынг бирæ куы ис. Горæты уынгтæ уыдоны нæмттæй схоныны гæххæттытæ къамистæ афтæ læмбынæг æвзарынц, ракæс-бакæс сæм кæнынц, æмæ хъуыддаг размæ нæ цæуы. Кæмдæр ныффидар вæййы уынаффæ. Уый фарста нæу?

Цæуыл ма рауад ныхас "Рæстдзинад"-ы уазæг Таутиаты Никъалаимæ? Дзырдта, йæ фыд уырыссаг кæй уыд, йæ мад та — ирон сылгоймаг, Таутиатæй. Цардысты Урсдоны, схъомыл æцæг ирон хъæуы, йæ зæрдæ фидар баст у ирон æвзагимæ, æгъдауимæ. Сфæнд кодта йæхи ироныл ныффыссын, ссис Таутиаты Никъала. Афтæ йæ бамбæрстон, æмæ йæ удæй арт цæгъды, кæмдæр "фæдис" ныхъхъæр кæныны онг дæр æрцæуы, фæнды йæ Ирыстоны æцæг ирæтты уынын, æнкъарын, йæ алы фæзилæнæй дæр ын спайда кæнын.

БУТАТЫ Эльзæ

Куыд цæрыс, хъæу?



Рассветы хъæу

Скъола æмæ рæвдауæндон

Иуæрдыгæй скъолайы дзæнгæрæг райхъуысы, иннæрдыгæй та сабиты сихоры хуыстмæ цæттæ фæкæнынц — афтæ иу кæрты æрбынæттон сты Рассветы хъæуы скъола æмæ рæвдауæндон.

Цалдæр азы размæ, бæрнон адæмты уынаффæмæræсгæ, скъола ссис 9-къласон, хистæр кълæсты ахуырдзауты та æрвылбон автобусæй ласынц Æрыдоны 1-æм астæуккаг скъоламæ. Дæлхайадæн разамынд дæтты директоры хæдивæг **Гуыбаты-Гасанты Лейлæ**. 1997 азы æрыгон чызг каст фæцис Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет æмæ филологы дипломимæ кусын райдыдта Рассветы. Абон дæр æрымысы, куыд æхсызгонæй йыл сæмбæлдысты директор, фæлтæрдджын ахуыргæнæг **Хуырымты Еленæ**, стæй æппæт коллектив дæр.

Ныртæккæ рæвдауæндонмæ цæуы 11 сабийы. Бæстыхай кæд рагон у, уæддæр æм базилынц, у хъарм æмæ сыгъдæг.

Тæхуды, дзурын куы зониккой скъолайы зæронд къултæ, уæд зæгъиккой, цал æмæ цал чызджы æмæ лæппуйы афæндараст сты йæ къæсæрæй царды уæрæх фæндагмæ. Нырыккон бирæуæладзыгон ног арæзт скъолаты никуы уыдзæн ахæм рæвдауграæ ахастдзинæдтæ. Йæ алы къуым дæр у райдзаст, аивгонд, скъоладзау зонындзинæдтæ кæмæй райсдзæн, ахæм æрмæгæй — æххæст.

КЪАДЗАТЫ Светланæ, КОКАЙТЫ Маринæ, ГАСАНТЫ Лейлæ (директоры хæдивæг) æмæ ХУЫРЫМТЫ Еленæ

Гасанты Лейлæ куыд зæгъы, афтæмæй 2019 азæй фæстæмæ сты Æрыдоны скъолайы дæлхайад, ахуырдзаутæй 10 сывæллоны полилингвалон программæйы бындурыл ахуыр кæнынц хъæуы, дæс чызджы æмæ лæппуйы та районы центрмæ ласынц.

Æрвылбон рæвдауæндоны сабитæ æмæ райдиан кълæсты сывæллæттæн цæттæ кæнынц хъарм хæринаг. Сæ куыст раппæлинаг у хæринаггæнджытæ **Гуырцъыты Светланæ** æмæ **Гусалты Беллæйæн.**



Райдиан кълæсты ахуыргæнæг ТЕЗИАТЫ Людмилæ йæ ахуырдзаутимæ

Лейлæ арфæйаг у ахуыргæнджытæй дæр. Бирæ азтæ ræзгæ фæлтæры хъомыладæн радтой педагогон фæллойы ветерантæ **Кодзаты Аллæ**, **Хуырымты Еленæ, Кодзаты Олег, Къадзаты Светланæ** æмæ **Тезиаты Людмилæ**. 30 азæй фылдæр хъомылгæнæгæй кусы **Ногъайты Мæдинæ.** Музыкæйы зæлтимæ сæ зонгæ кæны **Куымæриттаты Езнаидæ**. Раппæлинаг куыст кæнынц автобусы шофыр **Еналдыты Павлик,** хъахъхъæнджытæ **Касаты Таймураз** æмæ **Тотраты Зæлинæ**, хæдзарадон фарстатыл дзуапп дæтты **Бедойты Ирбег**, кæрты сыгъдæгдзинадмæ та кæсы **Гулиты Тельман**.

— Нæ куысты сæйраг нысан у сывæллæтты рæвдауын, се 'нæниздзинад сын фидар кæнын, ræзгæ фæлтæры царды раст фæндагыл аразын, — зæгъы Лейлæ. — Æнгом æмæ куыстхъом коллективы алчидæр уарзы æмæ зоны йæ куыст. Ис нæм лыггæниног фарстатæ дæр, фæлæ нын фидæны азмæ ныфс æвæрынц, нæ уарзон скъола бындурон цалцæг кæй æрцæудзæн, уымæй. Кæддæриддæр нын алывæрсыг æххуыс бакæны нæ хъæуы администрацийы сæргълæууæг **Бирæгъты Вадим**, нæ фарсмæ сты хъæуккаг амалхъом адæм **Ногъайты Владимир, Еналдыты Хъазыбег, Бирæгъты Сослан, Еналдыты Алан**. Дард Уæрæсейы цæргæйæ, нæ рох кæны йæ хъæубæстæ **Еналдыты Артур,** йæ æхсызгон лæвæрттæ æрбарвиты нæ сабитæн.

Скъолайы куыстмæ сæ цæст дарынц районы хицауад æмæ ахуырады управлени, Æрыдоны 1-æм скъолайы директор **Бæцойты Тамарæ**.

Нæ иумæйаг хæдзар

"Фыдæй фыртмæ фæлтæртæ кæрæдзимæ лæвæрдтой, хистæртæ нын цы хорз æгъдæуттæ ныууагътой, уыдон. Цæсты гагуыйау сæ бахъахъхъæдтам мах дæр æмæ сæ цæстуарзонæй кæстæртæн амонæм. Уæздандзинад, куыстуарзондзинад, хистæрæн кад кæнын, циндзинад æмæ зианы æгъдау дæттын, фæсивæды разæнгард кæнын ахуырмæ æмæ ма бирæ хорз хъуыддæгтыл архайы хъæубæстæ", — райдыдта йæ ныхас Рассветы хъæуы бынæттон администрацийы сæргълæууæг БИРÆГЪТЫ Вадим.

Æртыккаг æмгъуыдмæ йæ равзæрстой адæм, баууæндыдысты йыл, æмæ Вадим ныфсджынæй архайы йæ уарзон хъæубæстæн исты хорздзинæдтæ скæныныл.

Куыд цæры абон Рассветы хъæу? Цы сæм ис бафæзминагæй, стæй, сæ тыхст цæуыл у? Ацы фарстытæн дзуапп дæтгæйæ, Бирæгъты Вадим загъта:

— Нæ хъæуы цæрджыты нымæц у 507 адæймаджы, хæдзæрттæ нæм ис 154, уыдонæй 25-ы бæрц сты æдзæрæг. Фæлæ бирæтæ фæстæмæ здæхынц сæ фыдæлты зæхмæ, аразынц ног хæдзæрттæ, æмæ уый æхсызгон у алкæмæндæр. Закъонмæ гæсгæ сын зæхх хай радих кæнæм. Ног хæдзæрттæ аразынмæ бавнæлдтой **Хозиты Сослан, Къадзаты Уырызмæг, Къадзаты Алан, Бирæгъты Олег**.

Цæрынæн нæм ис алы фадат дæр — æрдзон газ, электрон тых, нуазыны дон та ныр алы хæдзары дæр сты парахатæй. Республикæ æмæ районы Хицауады архайдæй нæм кусы ног донцъирæн. Доны хæтæлтæй дыууæ километры бæрц баивтам, ацы куыст кæронмæ ахæццæ кæндзыстæм.

Хъæуы фæндæгтæм дæр зилæм, уынгты изæрыгæтты рухс судзы. Адæмы удæнцойæн нæм ис ног арæзт, алцæмæй ифтонг фелсырон пункт, бастдзинады хайад, Культурæйы хæдзар, сывæллæтты рæвдауæндон, скъола, дукани, афтек. Иузæрдионæй кусæм нæ хъæуы сыгъдæгдзинадыл. Разы стæм куыстуат "Эра"-йы архайдæй. Къуыри иу хатт сæ хæдтулгæ æрзилы уынгты æмæ хæдзарон бырон аласы. Уымæй уæлдай, саразæм иумæйаг зиутæ дæр.

Архайæм федералон æмæ регионалон программæты. Уыдоны бындурыл аивгонд æрцыдысты нæ хъæумæ æрбацæуæнтæ. Нартыхъæуы фæзилæнæй суанг Рассветмæ ныр 8 километры ис ног асфальт фæндаг. Уымæ гæсгæ нæм æхсæнадон транспорт хуыздæр цæуын райдыдта.



БИРÆГЪТЫ Вадим

Фыййаджыдон-иу арæх раивылд, тæссаг уавæры-иу уыдыстæм, ныр цæугæдоны былгæрæттæ æфсæнбетон къæйтæй фидаргонд æрцыдысты, æмæ уымæй æнæмæт стæм.

Нæ хъæуы фидауц у, нæ фыдæлтæ 60-æм азты райдиан кæй нысгæтой, уыцы парк. Æрвылаз æм базилæм, бузныг нæ хъæуккæгтæн, чи — техникæйæ, чи æхцайы фæрæзтæй фæкæсы. Хус бæлæсты бæсты дзы нысгæтæм сырх тулдзы талатæ.

Риссаг фарста у, хъæуы цæрджытæн куысты бынæттæ кæй нæй, уый. Уымæ гæсгæ фæсивæдæй бирæтæ сахармæ цæуынц. Ме стыр бæллиц у, цæмæй нæм чысыл куыстуæттæ фæзына, æмæ архайæм ацы фарстайыл.

Хъæуы адæмæн æнæ фосæй, æнæ цæхæрадонæй зын цæрæн у. Зивæг чи нæ кæны, уыдонмæ ис æхсыр, цыхт, дзидза, айк.

Раздæры совхозы зæххытыл кусынц нæхи лæппутæ. Фермерон хæдзарæдты разамонджытæй сæрæндæр архайынц **Еналдыты Артур æмæ Алан, Бураты Валерик, Ужегаты Марат, Еналдыты Хъазыбег, Хозиты Тимур** æмæ иннæтæ. Алкæмæдæр сæ ис мæркусæн техникæ, сæ зæххыты байтауынц нартхор, хорз нæм æрзайы картоф дæр. Сæ исбонæй фæхайджын кæнынц æххуысхъуаг бинонты, — загъта Вадим.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, хæстæгдæрræстæг хъæумæ æрбацæуæны, рахизæрдыгæй, арæзт æрцæудзæн ног фæндаджы уаццаг, æфсымæрон ингæнтæм хæстæг. Ныгæд дзы æрцыд 600 хæстонæй фылдæр. "Русгидро" æмæ бархионты архайдæй бирæты нæмттæ сбæрæг сты. Цырт саразыныл та бакуыста не 'мзæххон, скульптор **Хуытъинаты Лазыр.**

Сывæллæттæ цæмæй сæræстæг хъæлдзæгæй æрвитой, уый тыххæй сын скæндзыстæм хъазæн фæз. Нырдæгæн уал ын йæ бынат сбæлвырд кодтам.

Иумæйагæй кусынц хъæуы депутаттæ, хистæртæ æмæ кæстæртæ: **Бирæгъты Майрæм æмæ Валерик, Хуытъинаты Витя, Хуыбаты Сергей, Хуыбаты Гульнарæ** æмæ **Гасанты Лейлæ**. Ныр 20 азæй фылдæр администрацийы специалист **Кодзаты Людмилæ** æнæзæрдæхудтæй лæггад кæны адæмæн.

— Чысыл, фæлæ æнгом, куыстуарзаг хъæу стæм, лымæнæй цæрæм алкæимæ дæр. Нæ фæсивæдæй ныфсджын стæм. Уыдон кæй бафæзмой, ахæм куырыхон хистæртæ ис Рассветы, — зæгъы Бирæгъты Вадим.

Адæмы удæнцойдзинадæн

Æнæниздзинад æппæты стырдæр хæзна у. Адæймагæй исты куы сриссы, уæд йæ фæндаг саразы дохтыртæм.

Ныр 22 азы адæмæн лæггад кæны фелсыр **Бураты Земфирæ**. Бирæ азты размæ йæ цард медицинæимæ сбаста æмæ йыл абон дæр æнувыд у. Земфирæимæ фембæлдыстæм ногарæзт, алцæмæй ифтонг фелсырон-акушерон пункты. Байгом æй кодтой 2020 азы. Парахат æмæ райдзаст бæстыхайы ис æппæт уавæртæ дæр.

Фелсыр БУРАТЫ Земфирæ бæрæг кæны КОДЗАТЫ Валерийы æнæниздзинад

— Стыр бузныг зæгъын, ацы хорздзинад Рассветы цæрджытæн чи скодта, уыдонæн. Ис нæм хъæугæ хостæ фыццаг медицинон æххуыс бакæнынæн, кусы афтек дæр, туджы бæрæггæнæнтæ дæр ам раттæн ис, — зæгъы Земфирæ. — Нæ хъæуы цæрджытæ арæхдæр хъаст кæнынц зæрдæйы низтæй, туджы æлхъывдад бæрзонд кæмæн у, ахæмтæ дæр бирæ сты. Зымæджы мæйты та æхснырсæг сарæх вæййы. Нартыхъæуы амбулаторийы дохтыр **Тебиаты Раисæимæ** æндæр специалистты рафыст амындтытæй буармæ хос бауадзæм, æнæфæразгæ рынчынтæм та ацæуæм сæ хæдзæрттæм. Ис нæм "тагъд æххуысы" хæдтулгæ, йæ шофыр — **Бигъуылаты Алан**. Æрыдонæй къуыри иу хатт ссæуы сывæллæтты дохтыр **Томайты Фатимæ**.

Адæмы удæнцойдзинадæн цы хъæуы, уымæ иудадзыг кæсы районы рынчындоны сæйраг дохтыр **Хаситы Илонæ**.

Бураты Земфирæ куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд аз Рассветы хъæуы райгуырд дыууæ сывæллоны.

Чингуыты къæбиц

Зымæджы мæйты æвдæлондæр вæййынц хъæуы цæрæг адæм, æмæ уæд бирæтæ сæ къухмæ райсынц чиныг.

ТЕБИАТЫ Галинæ

— Хорз чиныджы æхсызгондзинад ницавæр Интернет æмæ æндæр технологитæ баивдзысты, — зæгъы Рассветы чиныгдоны кусæг **Тебиаты Гæлинæ**. Ныр 27 азы иудадзыг лæггад кæны адæмæн. Чиныгдон æрбынæттон ис Культурæйы хæдзары дыккаг уæладзыджы. Йæ фонды ис 15 мин чиныгæй фылдæр.

— Хъæугæ чиныг райсынмæ нын баххуыс кæнынц районы сæйраг чиныгдоны кусджытæ, сæ хицау — **Хъуппеты Жаннæ**. — Нæ чиныгдонмæ арæхдæр цæуынц скъоладзаутæ æмæ хистæр кары адæм. Нæ хорз хæлæрттæ сты **Туаты Симæ, Хозиты Зоя, Гусаты Валентин, Къадзаты Зоя**, раппæлинаг сты скъоладзаутæ **Кодзаты София** æмæ **Ангелинæ, Къадзаты Батрадз** æмæ иннæтæ. Фылдæр агурынц нæхи ирон фысджыты чингуытæ.

Æнгом æмгуыстад нын ис хъæууон клуб, скъола æмæ рæвдауæндонимæ. Иумæ саразæм зæрдæмæдзæугæ равдыстытæ, хъæлдзæг бæрæгбæттæ. Архайын, цæмæй сабитæ сæ гыццылæй фæстæмæ банкъарой чиныджы пайда.

Алкæд — йæ бынаты

Дзæуджыхъæуæй цæмæй Рассветмæ бахæццæ уай, уый тыхæй дæ 24 километры ацæуын хъæуы.

Æнæмæтæй автобусы сбад, æмæ дæ шофыр Дашиты Алан уайтагъд бахæццæ кæндзæн хъæумæ, стæй фæстæмæ дæр. Уæзданæй лæггад кæны цæрджытæн. Шофырæй кусы 40 азы, уыдонæй авд азы — автоколоннæ 1210-ы. Автотранспортон куыстуаты разамынд иудадзыг кæсы хæдтулгæты техникон уавæрмæ, цæмæй бæлццæттæн сæ фæндаг æдас æмæ æдыхст уа.

Райсомы авд сахатыл Алан вæййы йæ бынаты, чи — ахуырмæ, чи куыстмæ фæтагъд кæны, æмæ хæдтулгæ уайтагъд айдзаг вæййы.

Адæмы зæрдæхудты мацæмæй бацæуын Дашийы-фырт нымайы йе стырдæр хæсыл. Уый тыххæй арæх фехъусы арфæйы ныхæстæ.

ДАШИТЫ Алан

Культурæйы артдзæст

Рассветы хъæуы Культурæйы хæдзар фыццаг хатт йæ дуæрттæ байгом кодта ивгъуыд æнусы 70-æм азты райдиан. Бирæ курдиатджын фæсивæд дзы сæ арæхстдзинад æвдыстой кафынæй, зарынæй, архайдтой драмон къорды. Абон дæр культурæйы артдзæстмæ тырнынц фæсивæд. КЪУТÆРТЫ-КАЛОТЫ Фатимæ дзы директорæй кусы 1981 азæй нырмæ. Йæ зæрдæ никуы сивта йæ равзæрст дæсныйадыл.

— Бирæ азты нæ бæстыхай цалцæггонд никуы уыд, фæлæ нын æй 2021 азы "Хъæууон фæзуæтты райрæзты" паддзахадон программæйы фæлгæты бындурон цалцæг скодтой. Баивтой йын йæ сæр, пъолтæ, дуæрттæ æмæ рудзгуытæ, ног хæдзары дзаума нæм фæзынд. Æмбырдтæ арæзæн зал æмæ сценæ дæр сæ хуыз скалдтой. Сæйрагдæр та нæм ныртæккæ хъарм æмæ райдзаст у, — зæгъы Фатимæ.

Культурæйы хæдзары директор нын радзырдта, ирон кафты къордмæ кæй цæуы 15 сывæллоны, 7 азæй 14 азы онг. Разамынд сын дæтты **Илаты Чермен**, фæндырæй цæгъды **Туаты Оля**. Амонынц сын алы кафты фæзилæнтæ. Уæлæдарæсæй дæр хъуаг не 'ййафынц.

КАЛОТЫ Фатимæ

Методист **Хуыбаты Гульнарæ** та чыздджыты къордимæ кусы, амоны сын æндахæй бийын. Ацы зонындзинæдтæ сæ царды æнæмæнг бахъæудзысты.

Къутæрты Фатимæ йæхæдæг разамынд дæтты драмон къордæн. Йæ архайджытæ сты алы кары, алы дæсныйæдтыл хæст адæм. Бацæттæ кæнынц хъæлдзæг пьесæтæ, адæмы зæрдæмæ цæуы сæ архайд.

Культурæйы хæдзар æмгуыст кæны скъола æмæ чиныгдонимæ. Иумæ саразынц цымыдисаг бæрæгбæттæ, зындгонд адæмимæ фембæлдтытæ. Фæсивæдæн фадат ис теннисæй, нардытæ, шахмæттæ æмæ шашкæтæй хъазынæн.

— Ме стыр бæллиц у, цæмæй нæ культурæйы хæдзары уа кинонывтæм кæсынæн хъæугæ ифтонггарз. Нæ курдиат балæвæрдтам районы культурæйы управленимæ. Хъæуы нæ æхсызгон дала фæндыртæ дæр. Куыст къуылымпы кæны, хистæркъласон ахуырдзауты æрвылбон Æрыдоны скъоламæ кæй ласынц, уымæй, — загъта Фатимæ.

Культурæйы хæдзары дуæрттæ кæддæриддæр гом сты, аивад чи уарзы, уыцы адæмæн.

Посты хайады лæггæдтæ

"Фæстаг хабæрттæ бакæсут", — арæх фæзæгъы постхæссæг БИРÆГЪТЫ Мæдинæ, газеттæ уаргæйæ. Рассветы посты хайады кусы æртæ азы, уыцы иу рæстæг дзы у хицау дæр.

БИРÆГЪТЫ Мæдинæ

Куыд базыдтам, афтæмæй газеттæ æмæ журналтæ байуарын, коммуналон фиддонтæ æмæ æндæр лæггæдтæ посты хайад ныр кæны бонцухæй. Ам балхæнæн ис хæдзары хъæугæ дзаумæттæ, мигæнæнтæ, суанг тауинæгтæ дæр.

Мæдинæйы куыстæй адæм разы сты, уæлдайдæр та, æрвылаз цалдæргай газеттæ чи рафыссы, уыдон. Йæ æрбацыдмæ фенхъæлмæ кæсынц **Еналдыты Ритæ, Кодзаты Олег, Изольдæ Горбунова, Гаджиты Рæхимæт, Хозиты Людмилæ** æмæ иннæтæ. Газеттæ кæд фæзынаргъ сты, уæддæр сæ хистæр кары адæм фыссынц, фæсивæд та се 'ргом Интернетмæ аздæхтой.

Фарс бацæттæ кодтой ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ æмæ Хъайырты Дианæ

Удварны хæзнатæ

Дзæуджыхъæуы кувæндæттæ — революцийы агъоммæ

Аланыстоныл саргъуыды 1100 азы кадæн мыхуыры цы бирæ чингуытæ æмæ æндæр цæстуынгæ æрмæджытæ рацыд, уыдоны 'хсæн бæрæг дары къамты альбом "Дзæуджыхъæуы кувæндæттæ — революцийы агъоммæ". Чиныгыл зæрдиагæй бакуыста курдиатджын фыссæг æмæ Ирыстоны истори æвæллайгæ иртасæг АЛÆГАТЫ Сергей.

Автор йæ иртасæн куыстмæ цы 'рмæджытæ бахаста, уыдон æмбырд кодта 15 азæй фылдæр. Чиныджы сæйрагдæр хай сты, Октябры революцийы агъоммæ Терчы облæсты сæйраг горæт Дзæуджыхъæуы цы бирæ кувæндæттæ (уыдоны нымæцы — чырыстон, католикон æмæ æндæр динты аргъуантæ, стæй пысылмон мæзджыттæ) куыста, уыдоны къамтæ. Сæрмагондæй фæбæрæг кæнын хъæуы, уыцы къамтæ æмæ нывтæ автор алыхуызон гуырæнтæй кæй иста, уый. Зæгъæм, кæцыдæр рагон къамтæ балхæдта коллекционертæй, иннæтæ та бацагуырдта архивты... Уыимæ, Сергейы ныхасмæ гæсгæ, къамты иу хай чиныджы хуызы мыхуыргонд æрцыд фыццаг хатт.

Алкæцы кувæндоны къамтимæ дæр лæвæрд цæуынц цыбыр историон бæрæггæнæнтæ йæ фæзынд æмæ дарддæры хъысмæты тыххæй (куыд зонæм, афтæмæй уыцы удварнон кувæндæттæй бирæтæ дæрæнгонд æрцыдысты, иннæтæ абон дæр ма сты горæты фидауц).

Æмæ æрмæст уыдæттæ нæ. Автор йæ чиныг фæхъæздыгдæр кодта Октябры революцийы агъоммæ Хуыцау æмæ кувæг адæмæн лæггадгæнæг ирон сауджынты къамтæй. Уымæй уæлдай, чиныджы фæрстæ рафидыдтой уыцы азты горæты цæрæг æхсæнадон архайджыты, æфсæддон службæгæнджытæ æмæ хуымæтæг адæмы къамтæй дæр.

"Йæ сарæзты фыццаг азтæй фæстæмæ Дзæуджыхъæу ссис, алы адæмтæ æмæ культураты традицитæ кæм æрбаиу сты, ахæм бирæнацион æмæ бирæконфессион цæрæн бынат. 1860 азы мартъийы Дзæуджыхъæуæн горæты ном куы радтой, уæдмæ дзы уæрæх архайд кодтой чырыстæттæ, католиктæ, лютерантæ, сомихæгтæ æмæ пысылмæтты дины иугæндтæ. Æппæт уыцы æхсæнæдты минæвæрттæ дæр аудыдтой сæ национ æмæ удварнон хæдбындурдзинад бахъахъхъæныныл, алчидæр сæ архайдта, сæ удварнон хъомысы æвдисæн чи уыд, ахæм кувæндæттæ аразыныл. Афтæ, Дзæуджыхъæуы фæзындысты шииттæ æмæ сунниттæ мæзджыттæ, польшæйæгты костел, немыцаг кирхæ, сомихæгты кувæндон, дзуттæгты синагогæ æмæ бирæ чырыстон аргъуантæ", — фыссы автор чиныджы раздзырды.

Дарддæр иртасæн куысты цыбырæй æвдыстæуы, XIX æнусы чырыстон дин Центрон Кавказы куыд апарахат æмæ аргъуанты арæзтадмæ бирæгæйттæй æмгъуыдмæ епархийы сæ куыст кодтой 24 ирон аргъуаны...

Сауджын СИХЪОТЫ Георги Хъæдгæроны приходы скъолайы хъомылгæнинæгтимæ (аз бæрæг нæу)

Иу ныхасæй, Ирыстон æмæ Дзæуджыхъæуы историйыл æнувыд чи у, рагон кувæндæтты равзæрды хабæрттæ цымыдисаг кæмæн сты, XIX æнус æмæ XX æнусы райдайæны нæ адæмы зынгæ минæвæрттæ сурæттæ ногæй зæрдыл æрлæвæуын кæнын кæй фæнды, уыдонæн Алæгаты Сергейы чиныг — удварнон хъомысы æвидигæ суадон.

СЛАНТЫ Аслан

Барадон фæтк

Мæнг банкирты ахæсты бахаудтой

2023 азы дæргъы мидхъуыддæгты оргæнтæм 335 адæймаджы хъæстытæ æрбалæвæрдтой, мæнг банкирты ахæсты кæй бахаудтой æмæ æнæхцайæ кæй баззадысты, уый тыххæй.

Телефонæй бадзургæйæ, цæстфæливджытæ адæймаджы сæхиуыл æрæууæндын кæнынц. Уый фæстæ бавналынц алыхуызон "пайдайаг" амынддзинæдтæ дæттынмæ — куы фæзæгъынц, де 'хца бахъахъхъæныны нысанимæ, куы стыр улупа райсынæй зæрдæ бавæрынц... Æмæ афтæмæй адæмæн се 'хца расайынц, æмæ адæймаг гæвзыккæй аззайы. Чидæртæ та ма банктæй хæсджынæй аззайынц, уымæн æмæ сын цæстфæливджытæ сæ бæрæггæнæнты фæрцы сæ номыл райсынц кредиттæ.

Мидхъуыддæгты оргæнтæ æмæ Уæрæсейы банк адæммæ ногæй сидынц, цæмæй къæрцхъус уой. Уæ зæрдыл дарут: телефонæй уæм исчи куы æрбадзура æмæ йæхи банчы æмæ æндæр финансон организациты кусæг куы рахона, уæд ныхас аскъуыддзаг кæнут. Телефонæй æрбадзургæйæ, сымахæн "æдас хыгъд" ничи байгом кæндзæн. Ахæм амынддзинæдтæ дæттын уын куы райдайой, уæд уæ уыцы æууæл хъуамæ дызæрдыгыл бафтауа.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Музыкалон аивад

"Фатимæ"-йы фендзысты Мæскуы æмæ Бетъырбухы дæр

Мариинаг театры дзæуджыхъæуккаг филиалы сценæйыл æвæрд национ балет "Фатимæ" фендзысты Мæскуы æмæ Бетъырбухы аивадуарзджытæ дæр.

Уый тыххæй дзыллон информацийы минæвæрттæн йæ пресс-конференцийы фехъусын кодта Мариинаг театры цæгатирыстойнаг филиалы сæйраг балетмейстер **Суанты Валери.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй курдиатджын ирон композитор Плиты Жаннæйы музыкæйы бындурыл æвæрд спектаклы премьерæ Дзæуджыхъæуы уыд фæззæджы. Сæйраг балетмейстеры разамындæй "Фатимæ"-йыл цы сфæлдыстадон къорд бакуыста, уый архайдæн театрдзаутæ хорз аргъ скодтой. Æрæджы та спектаклæн аргъгæнæг уыдысты Цхинвалы цæрджытæ. "Фатимæ" уыдоны зæрдæтæм дæр фæндаг ссардта — фысымты куырдиатæй "мариинæгтæ" спектакл иу изæрмæ равдыстой дыууæ хатты.

Ныр та "Фатимæ" абалц кæндзæн Мæскуы æмæ Бетъырбухмæ. Суанты Валерийы ныхасмæ гæсгæ, ахæм фæндон равдыста Мариинаг театры аивадон разамонæг **Гергиты Валери.**

"Нæ зындгонд æмзæххоны архайдæй балет "Фатимæ" фендзысты бæстæйы дыууæ сæйраг горæты аивадуарзджытæ дæр. Фæлæ мæ зæрдæ дарын, ацы спектаклы сфæлдыстадон балцыты географи ноджы уæрæхдæр кæй фæуыдзæн, ууыл. Ацы музыкалон проектыл куы куыстам, уæд æй рахатыдтæн, Гергийы-фырт Ирыстоны æцæг патриот кæй у, Плиты Жаннæйы сфæлдыстадæн стыр аргъ кæй кæны, уый. Балетыл куы куыстам, уæд мæ иудадзыгдæр афæрсафæрс кодта, куыд цæуы нæ архайд, уымæй. Æмæ йæ хъуыды алкæддæр уыд бæлвырд — балет "Фатимæ" цыбырдæр æмгъуыдмæ сценæмæ рахæссын хъæуы, уыимæ, спектаклы бавæрын æппæт хъарутæ дæр", — радзырдта Суаны-фырт.

КАЛМАНТЫ Аслан

Цæрæгойты æмбисæндтæ

Бурдым æмæ Булæмæргъ

Зæдтæ æмæ дауджытæ изæрмилты æрæмбырд сты Уасы къуыппыл æмæ зарыдысты.

Бурдым æмæ Булæмæргъ дæр сæм ахуырмæ бацыдысты. Бурдым зарджытæм хæмпæлæй хъуыста æмæ уайтагъд афынæй. Булæмæргъ сæм хæстæг ссыд æмæ æхсæв-бонмæ йæ цæст не 'рцъынд кодта.

Æхсæв-бонмæ фæзарыдысты зæдтæ æмæ дауджытæ. Булæмæргъ сын сахуыр кодта сæ хорз зарджытæ.

Боныцъæхæй сугдзау хъæдмæ фæцæйцыд æмæ хæрæгыл фæхъæр кодта: "гокыс", зæгъгæ. Бурдым хъæрмæ фехъал æмæ ма æрмæст сугдзауы "гокыс" йæ зæрдыл бадардта.

Ныр Бурдым "гокыс-гокыс" кæны, Булæмæргъ та — зæдтæ æмæ дауджыты зарджытæ зары.

Тæрхъустæ

Тæрхъустæ æрвылæхсæв æрнæг пыхсы æрæмбырд вæййынц, кæрæдзийæн фæдзурынц сæ хъæстаг хабæрттæ: бирæгъ сæ æддæмæ ракæсын, хæринаг амал кæнын кæй нæ уадзы, иугай сæ куыд куынæг кæны. Тæрхоны рабадынц, марыны тæрхон ын рахæссынц. Фæлæ та куы сбон вæййы, уæд тæрсгæ-ризгæйæ фæйнæрдæм апырх вæййынц.

Быдырон мыст

Иуахæмы быдырон мыст æмæ хъæууон мыст систы лымæнтæ. Быдырон мыст хъæууон мысты фæхуыдта йæхимæ:

— Рауай-ма, æз дын зымæгмæ ме 'вæрæнтæ фенын кæнон.

Хъæууон мыст æм ацыд уазæгуаты, федта йын йе 'вæрæнтæ: æхсæры, тæрсы, хоры кæритæ æмæ йын афтæ:

— Ныр та ды рауай махмæ æмæ мын фен ме 'вæрæнтæ.

Æрбацыд быдырон мыст хъæумæ. Федта хъæууон мыст, йæ рæбынты мæнæуæй, нартхорæй, хъæдурæй цыдæриддæр æрцæттæ кодта, уыдон. Стæй хъæууон мыст дзуры быдырон мыстмæ:

— Æххæст ма нæ къæбицмæ бауай æмæ нын не 'фсины къух райс.

Быдырон мыст къæбицы фæмидæг. Уым æй уайтагъд гæды рацахста, æмæ ма йæ цъист райхъуыст.

Афтæмæй дыууæ æвæрæнтæ дæр хъæууон мыстæн баззадысты.

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Кæстæртæн зонинаг

Хистæр куы дзура, уæд æм лæмбынæг хъус, дзырд куы фæуа, уæд ын дæ зæгъинаг зæгъ.

***

Хæдзары æмæ кæмфæнды дæр, хæргæйæ, цъæм-цъæм æмæ сыллыппытæ кæнын худинаг у.

***

Хæдзары æмæ кæмфæнды дæр иу къах иннæуыл æвæрдæй бадын æнæфенддзинад у. Дохтыртæ куыд зæгъынц, афтæмæй зæрдæ дæр хъыгдары.

***

Бирæдзураг кæстæры хистæртæ фæхонынц къæбæда, мадзурайы та — гоби.

***

Сыхы хистæртæй исчи исты куы æрбацæйхæссы, уæд кæстæр йæ размæ азгъоры, йæ хæссинаг ын райсы æмæ йын æй йæ хæдзарыл сæмбæлын кæны.

***

Къорд адæймаджы уынджы лæууынц, уæд се 'хсæнты нæ, фæлæ сæ иувæрсты ацу.

***

Хистæр дæм, æгас цу, зæгъгæ, йæ арм куы нæ бадара, уæд ын кæстæр хъуамæ йæ къух ма иса.

***

Уазæгуаты куы уай, уæд къуымтæ æмæ къултæм ракæс-бакæс кæнын аив нæу.

***

Ахуыргæнæг зондтауæг у, скъоладзау та — зонд æмбырдгæнæг.

***

Дон кæстæрæй нуазгæ у.

Азырабыд

ФÆРСЫРДÆМ: 1. Бонджын. 7. Фысы хуылфыдзаумæттæй конд къалбас. 11. Нуæзт. 12. Хъуымац. 13. Рынчынæн, ... дæ уæд, зæгъ, æндæр... (Къоста, "Чи дæ?"). 14. Рагон хъæдын похци. 15. Къостайы уацмыс. 17. Ивгъуыд æнусы æртынæм азты репресситы архайæг. 20. Дзырдты æмбырд. 23. Хъæздыгдзинад. 25. Дæргъы бæрц. 26. Денджызты тугдзых цæрæгой. 27. Лæгуын. 28. Цæугæдон Горькийы облæсты. 29. Сæры хай. 30. Хæрынæн бæзгæ кæрдæг. 32. Æгуыдзæг, æнæсæрæн адæймаг. 33. Уидаг. 35. Арвы кæрæттæ. 37. Цæугæдон Танзанийы. 40. Коцойты Арсены радзырды архайæг. 41. Къæрцхъус. 44. Æнхъызт хойраг. 47. Хæлар, хорз зонгæ. 48. Нартхоры æфсир йæ хъузгæй хицæнгæнæн машинæ. 49. Æнæнхъæлæджы, барæй конд чи не 'рцыд, ахæм ми. 50. Хъæддаг гагадыргъ. 51. Зайæгойы хай.

БЫНЫРДÆМ: 1. Хуыйæджы дзаума. 2. Рæстаг. 3. Азийаг паддзахады сæйраг горæт. 4. Сидт цæрæнбоны тыххæй. 5. Хæдзарон маргъ. 6. Адæймаджы буары хай. 7. Саджы мыггаг. 8. Цъымарайы зайæгой. 9. Уæливых. 10. Мæнгард. 16. Фыццаг ирон журнал. 18. Æнæхъола, æнæпълан. 19. Хъæддаг хохаг хъæдындз. 21. Къуызыр. 22. Хъаруджын. 23. Америкаг адæмыхатты минæвар. 24. Цæрæн, кусæн бынат. 31. Зæрондæн йе 'рыгон бонтæ æгæр ... вæййынц. 33. Боныахаст. 34. Рæсуг. 35. Æрхъула. 36. Хох Хуссар Австралийы. 38. Цæугæдон Саратов æмæ Волгограды облæстты. 39. Адæмы æнгомгæнæг. 42. Фысы къæдзил. 43. Дуг. 45. Хохы сæрты ахизæн. 46. Фæрæты хай.



Дзуаппытæ 10 февралы мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 2. Талас. 4. Æдзыт. 8. Боцъо. 9. Уæтæр. 10. Нарон. 12. Змæст. 13. Нæмыг. 14. Æлæт. 16. Хæдз. 18. Нæуу. 20. Ихæн. 25. Обау. 28. Æрду. 29. Ивазн. 31. Сывылдз. 32. Тæгæр. 34. Дагъ. 35. Ганæ. 36. Багалæг. 38. Нымд. 40. Идон. 44. Цъына. 45. Æфсымæр. 47. Унæут. 48. Минæ. 49. Ганг. 52. Илци. 54. Адаг. 56. Рагъ. 58. Стæг. 61. Уавæр. 63. Астæу. 64. Фындз. 65. Уынæр. 66. Уазæг... . 67. Куатæ. 68. Агкæл.

БЫНЫРДÆМ: 1. Ромыл. 2. Тона. 3. Амонд... . 5. Дымгæ. 6. Тути. 7. Зæрдæ. 11. Нæзы. 12. Зынг. 14. Æхсид. 15. Æрвад. 17. Æдас. 19. Уырз. 21. Хонгæ. 22. Натри. 23. Цонг. 24. Тута. 26. Уынаффæ. 27. Мысатыр. 28. Æдзæрæг. 30. Задын. 33. Æндон. 37. Оцани. 38. Нымæц. 39. Мамæ. 41. Дугъ. 42. Нæрст. 43. Стонг. 45. Æнад. 46. Равг. 50. Агау. 51. Æрæф. 53. Лалым. 55. Ауæзт. 57. Арынг. 59. Æрдæг. 60. Карк. 62. Дзул.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

КУСГÆ БОНТÆ — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Ремонт холодильников и стиральных машин. Тел.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.

Продаем конский перегной в мешках. Производим профессиональную обрезку плодовых деревьев. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3086.
Заказ № 170.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru